



HER
HEART
MATTERS

WEAR RED CANADA • FEB 13

MALADI KÈ KAY FANM:

Mesaj enpòtan



CANADIAN WOMEN'S
HEART HEALTH CENTRE

NATIONAL
ALLIANCE



KA MALADI KÈ AP OGMANTE

SE LAKOZ LANMÒ
ANPIL FANM
ATRAVE LEMOND



Plis pase 50% fanm **pa rekonèt** sentòm kriz kadyak.



Lakoz maladi kè **kapab diferan ant** fanm ak gason.



Fanm kapab genyen **pi gwo risk** maladi kè pase gason.



Gen anpil nou **tout** kapab fè pou ede **redwi risk** yo. Se yon maladi ke nou kapab **evite**.



Pou pran swen lòt moun, ou bezwen pran swen tet ou anvan.
Komanse konvèsasyon an ak
fanm ki nan lavi ou.

Kesyon? Vizite WearRedCanada.ca oswa founisè swen sante ou.



HER HEART MATTERS

WEAR RED CANADA • FEB 13

Ka maladi kè yo
ap ogmante.

Se yon maladi ki
lakoz lanmò anpil
fanm atrave lemond.


KESYON?

Vizit WearRedCanada.ca oswa
founisè swen sante ou.

Lopez et al. Int J Epidemiol, 2019, 1815-1823.

MESAJ KLE # 1

ESTATISTIK ENPÒTAN KI SOTI NAN DONE MÔTALITE DE ÒGANIZASYON SANTE MONDYAL






Plis pase 50% fanm
pa rekònèt sentòm
kriz kadyak.

3+

Souvan fanm yo konn santi
3 oswa plis sentòm soutèt doulè
nan lestomak la.



Si ou panse yon moun ap fè
yon kriz kadyak, cheche
atansyon medikal imedyat.



SENTÒM KRIZ KADYAK PI SOUVAN RAPÒTE PA FANM

- Lestomak fè mal, oubyen malèz (tankou kè sere, oubyen lestomak ki ap boule)
- Doulè nan machwè, kou, bra, oswa do
- Li kapab swe anpil, plis ke nòmal
- Pwoblèm respirasyon
- Vant fè mal, gonfliman oubyen anvi vomi

LÒT SENTÒM KI AKONPAYE OUBYEN KI ASOSYE

- Feblès oswa fatig
- Doulè nan do, zepòl oswa nan bra dwat
- Pwoblèm dòmi
- Vètij, tèt vire oubyen soulay
- Kè a bat fò oswa palpitasyon



Lakoz
maladi kè
kapab
diferan
ant fanm
ak gason.



Sa ki lakoz maladi kè:

- Maladi atè kowonè
- Maladie kè valvilè
- Aritmi (batman kè iregilye)

Pase gason, fanm gen plis chans genyen:

- Yon diseksyon espontane nan atè kowonè
- Vazospasm kowonè (lè moun nan fè tansyon oswa lè li fimen)
- Malfonksyonman mikwovaskilè (maladi nan ti veso)
- Kardyomyopati (lakoz estrès) Takotsubo (maladi nan misk kè a)
- Kardyopati peripatim (feblès nan kè pandan oswa apre gwosès)

MESAJ KLE # 3

Gen kek founisè sante
ki ka mwens okouran
de diferans ki genyen
ant fanm ak gason.

Kesyon? Vizite WearRedCanada.ca.



Fanm kapab genyen pi **gwo risk** maladi kè pase gason.

Kondisyon sa yo kapab bay pi gwo risk maladi kè:



Kèk pwoblèm pandan gwosès

(Takou yon akouchman prekòs,
anvan ptit la fèt, sik oswa tansyon
wo pandan gwosès, preeklansi)



Maladi sistematik enflamatwa ak otoyiminè

(Egzanp: atrit rimatoyid, lupus)



Menopoz prekòs

(Laj mwayèn menopoz
50-52 zan)



Sendwòm ovè polikistik



Fimen Sigaret

(Fanm ki fimen gen 3x pi gwo
risk ke gason pou atak kè)



Dyabèt (maladi sik)

(Fanm ki fè sik gen 3x pi gwo
risk ke gason pou atak kè)

Kesyon? Vizite WearRedCanada.ca oswa founisè swen sante ou.



Gen anpil nou **tout** kapab fè pou ede **redwi risk yo**.
Maladi kè se yon maladi ke nou kapab **evite**.



Fè aktivite fizik,
kontinye deplase



Manje yon varyete
manje ki bon pou
sante



Jere
estrès



Viv san fimen sigarèt
elektronik oswa tabak
komèsyal



Limite
alkòl



Fè tès regilyèman
(teste sik, tansyon ak
kolestewòl)

Pou pran swen lòt moun, fòk ou pran swen tet ou anvan
Vizite WearRedCanada. oswa founisè swen sante ou.